

## Deklarasyon sou Enpak Ekite : Renouvèlman Kontra (Charter) Lekòl Boston Day and Evening Academy (BDEA)

Lekòl Boston Day and Evening Academy - Demann pou  
**Tit la :** Renouvèlman 2022

**Dat la :** 21 jen, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ?  Wi  Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit :

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ?  X  Non

| Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la  | Rezime/Rezònmman   |
|--|--|
| <p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b><br/><i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p> | <p>Direktris Lekòl Boston Day and Evening Academy (BDEA), Alison Hramiec, ap fè yon prezantasyon pou fè yon demann pou apwobasyon Demann 2022 lekòl BDEA la pou Renouvèlman Kontra (Renouvèlman Charter). Tèm kontra aktyèl lekòl la se pou 2019 jiska 2023, e delè pou demann renouvèlman yo al jwenn Depatman Elemantè e Segondè Massachusetts la (DESE) se 1ye out, 2022.</p> <p>Enfòmasyon sa yo ki prezante yo bay yon rezime sou tout efò kominote skolè lekòl BDEA la te deplwaye pandan ane presedan yo, avèk yon deskripsyon detaye sou plan yo pou 2024 jiska 2028. Nou te idantifye divès priyorite stratejik lekòl BDEA la avèk dizon tout lekòl la atravè pwosesis planifikasyon ane skolè 2019-2020 nou an, ke yon konsiltan ekstèn ak 11 manm pèsònèl lekòl BDEA te dirije (72% pami yo te moun koulè).</p> <p>Se Ekip Lidèchip BDEA la k ap pral dirije divès objektif santral nan peryòd pwochen chapit la. Chak manm ekip ap sipèvize yon domèn lekòl la :</p> <p>Ansèyman (3 manm pèsònèl), Edikasyon Espesyal (1), Sipò pou Elèv (1), Planifikasyon Aprè Obtansyon Diplòm (1), Avansman (1), Operasyon (1), Divès Done (1), Rejistè (1), ak Direktè (1). Divès objektif enkli :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kontinye investi nan lekòl la pou l kapab devni yon enstitisyon anti rasis epi k ap redui mankman nan opòtinite.</li> <li>• Amelyore sante fizik elèv nou yo.</li> <li>• Ranfòse divès sèvis Planifikasyon Aprè Obtansyon Diplòm fin fèt, nan fason nou entegre yon modèl pakou pwofesyonèl nan tout pwogram lekòl BDEA la.</li> <li>• Kontinye satisfè divès bezwen elèv sila nou yo ki gen andikap ak elèv sila nou yo k ap aprann angle (Els).</li> <li>• Kontinye ranfòse modèl sila nou an ki baze sou konpetans.</li> <li>• Investi nan stabilite finansye lekòl nou an.</li> <li>• Fè sa yon priyorite pou n jwenn yon enstalasyon (yon bilding) ki satisfè divès bezwen elèv nou yo.</li> </ul> |
| <p><b>2. Amoni ak Plan Stratejik la</b><br/><i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliye avèk plan stratejik distri a ?</i></p>  | <p>Misyon lekòl BDEA aliye dirèkteman avèk priyorite plan stratejik Lekòl Piblik Boston pou l elimine mankman nan opòtinite ak akonplisman. Lekòl BDEA sèvi an patikilye elèv ki depase laj 21 an e ki pa gen ase kredi pou lekòl segondè nan fason l aplike yon modèl edikasyon altènatif ki baze sou konpetans.</p>  |

|  |   |
|--|---|
| <p><b>3. Analiz Done yo</b><br/> <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>  | <p>Demann lekòl BDEA pou Renouvèlman an prezante divès done kalitatif e kantitatif solid sou tip de elèv nou sèvi, enskri, ak sou divès mezi « disiplinè », ansanm ak satisfaksyon pwofesè, elèv, ak fanmi.</p> <p>BDEA dezagrege (separe) done yo selon ras pou tout ane a. Done dezagrege yo (separe yo) montre ke nou sèvi elèv sila yo ke nou anba kontra pou n sèvi (elèv ki gen andikap, elèv k ap aprann angle, ak elèv ki gen fèb mwayen ekonomik). Nou te satisfè oswa depase enskripsyon elèv yo pandan premye de (2) ane kontra a (charter a). Ane skolè 2021 an, akoz pandemi a, enskripsyon nou te bese 46 elèv mwens pase sa nou te prevwa. Nan mentni yon to sispansyon 3%, nou arive depase atant yo (lòske n konpare sa a yon to 32% pou elèv nou yo avan ke yo te vin nan lekòl BDEA). Pandan ane skolè 2020 an elèv Edikasyon Espesyal nou yo ak Elèv k ap Aprann Angle nou yo te konplete divès kou selon yon to ki pi ba pase elèv edikasyon jeneral nou yo.</p>   |
| <p><b>4. Angajman Pati Entereze yo</b><br/> <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>   | <p>Demann pou Renouvèlman lekòl BDEA la te ekri e sibi egzaminasyon avèk èd plizyè pati entereze, ki enkli Ekip Sipò pou Elèv yo, Ekip Lidèchip Ansèyman an, manm Jesyon Done yo ak manm Edikasyon Espesyal yo, ak Konsèy Administrasyon an (2 manm konsèy administrasyon an se paran elèv yo ye tou). Byenke yo pa t enplike dirèkteman nan ekri demann nan, elèv yo ak fanmi yo te bay dizon yo atravè sondaj « Youth Truth » la. Tout konsèy la te dakò apwouve demann nan.</p> <p>An jeneral, pati entereze nou yo te deklare ke lekòl BDEA ap byen sèvi divès bezwen sosyal emosyonèl elèv nou yo. Pati entereze nou yo te eksprime enkyetid yo genyen ke moun kapab mal konprann enpak modèl nou an akoz ke modèl nou an ki baze sou konpetans pa kapab demontre « siksè », jan sa defini atravè to obtansyon diplòm ak enskripsyon nan inivèsite (kolèj).</p>  |
| <p><b>5. Strateji Ekite Rasyal</b><br/> <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p> | <p>Travay nou pou n devni yon enstitisyon anti rasis ankouraje sa n ap fè, e li se pwen fokal plan stratejik aktyèl nou an.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Katrevendisnèf pousan elèv nou yo se moun koulè yo ye.</li> <li>● De 2019 jiska 2022 : Enskripsyon nan Edikasyon Espesyal te ogmante de 27% jiska 39%.</li> <li>● De 2019 jiska 2022 : Enskripsyon Elèv k ap Aprann Anlge yo te ogmante de 13% jiska 16%.</li> </ul> <p>Nan pwochen tèm kontra a (charter a), n ap kontiye apiye doub sètifikasyon pwofesè nou yo. Kòm pati yon sibvansyon twazan « Kwasans Ekite Alfabetizasyon Toupatou nan eta Massachusetts » (GLEAM), n ap investi nan alfabetizasyon k ap pral elaji nan tout pwogram etid nou yo. Nou te arive ajoute yon pòs Kowòdinatè Sèvis Edikasyon Espesyal (COSE), yon sikològ lekòl, ak yon kou Angle kòm Dezyèm Lang pou konsantre plis resous nan divès sougwoup elèv kle.</p> <p>Finalman, lekòl BDEA prezève yon kilti jistis reparatris ki onore divès idantite jèn nou yo. Deklarasyon Jistis Rasyal nou an ak Akò Kominotè nou yo enkli nan apendis demann nan, yo toude demontre angajman nou parapò a jistis rasyal.</p> |
| <p><b>6 Bidjè ak Enplemantasyon</b><br/> <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki fè pati ekip</i></p>                                   | <p>Demann pou Renouvèlman an p ap modifye bidjè lekòl nou an.</p> <p>Ekip Lidèchip lekòl BDEA la konpoze de 65% moun koulè, epi Konsèy Administrasyon nou an gen ladan l 65% moun koulè tou. Tout pèsònèl lekòl BDEA la konpoze de 70% moun koulè. Nou angaje nou nan divès efò kontinyèl pou n asire ke ekip nou an reflekte done demografik elèv nou yo, e ke l pote</p>  |

|  |   |
|--|---|
| <p><i>enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>  | <p>yon pwennvi ekite solid nan afè ansèyman ak operasyon.</p>   |
| <p><b>7. Kontrandi ak Kominikasyon</b><br/><i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p> | <p>N ap chèche apwobasyon Komite Skolè a pou Renouvèlman Demann nou an. Si li awpouve, lè sa n ap soumèt tout dokiman demann yo bay DESE (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la), epi angaje nan pwosesis egzaminasyon ki vin aprè a pandan ane skolè 2022-2023.</p> <p>Lidè pwosesis sa a se Direktris lekòl la, Alison Hramiec, ki va kontinye kominike rezilta yo bay kominote skolè nou an ak Komite Skolè nou an.</p> |